

Yon fèy de wout pou sekirite ak gouvènans an Ayiti

Kòman pou fè fas a efondreman multilateralism
ak dezentegrasyon Leta a

Roberta Maggi, Christopher Sabatini ak Alexandra Farsari

Dokiman rechèch rezime

Pwogram Amerik Latin

Pibliye 22 Janvye 2026

Rezime

-
- Dokiman sa a pwopoze yon fèy de wout sou twa zan yon fason pou kòmanse reponn a kriz entèdepandan sou koze sekirite ak gouvènans an Ayiti. Li prezante yon sekans sou refòm ke administrasyon tranzisyon ayisyen an- kèlkeswa fòm li ta pran an -menm jan an tou pou nenpòt ki gouvèman ki ta genyen nan eleksyon ki ap gen pou fèt yo ta dwe elabore an koperasyon avèk nasyonzini, lòt patnè multilateral ak yon evantywèl koalizyon volontè gouvèman etranje. Mezi ki pwopoze ladan yo nesèsè pou limite dominasyon ak vyolans gang yo, pèmèt aksè pou è d imanite, ranfòse sistèm jidisyè a epi pwofesyonnalize ak rasyonnalize sektè sekirite peyi a ki nan moman sa a pa bon menm.
 - Nesesite mezi pou estabilizasyon an ijans sou teren an ak yon soutyen entèrnasyonal ki pi efikas vin pi pwononse akòz gravite ak dire pwolonje defi politik, sekirite ak manite yo ke peyi a ap fè fas. Ayiti toujou pa gen ni prezidan ni palman ki soti nan eleksyon. Depi aprè asasina prezidan Jovenel Moïse nan dat 7 jiyè 2021 an, se otorite tranzisyon yo ki pa soti nan okènn eleksyon ki sanse ap asire pouvwa egzekitif la – sitou depi 2024, se Konsèy prezidansyèl tranzisyon an (KPT) ki pa soti nan okènn eleksyon ki ap fè travay sa a. Akòz manda KPT a ki dwe rive nan bout li nan dat 7 fevriye 2026, ak sitiasyon sekirite a ki twò enstab pou ta rive nan òganizasyon eleksyon pou ranplase li, Ayiti riske wè vid politik li a vin pi grav nan yon moman kote yon gouvèman lejitim, ki kapab e ki responsab vin pi nesesè chak jou pi plis.
 - Feblès oubyen inegzistans Leta a, jwenn ak absans yon gouvèman ki pa gen benefis yon lejitimite popilè vin akselere efondreman sekirite a epi ranfòse anpriz gang ame yo ak gwoup otodefans yo. Gwoup sa yo ak asosye yo kontwole de gwo teritwa nan Pòtoprens ak anpil wout ki esansyèl pou transpò. Yo souvan itilize anlèyman, ekstòsyon ak asasina sible kòm enstriman pou fè dappiyanp sou ekonomi ak presyon politik.
 - Repons multilateral la gen anpil difikilte pou swiv rit ak kompleksite defi yo. Depi 2022, konsèy sekirite Nasyonzini te chita sou yon seri de mezi ad hoc : dabò enpozisyon sanksyon kont chèf gang yo ak sila k ap soutni yo, epi, an oktòb 2023, kreyasyon yon misyon soutyen multinasyonnal pou sekirite (MMAS), ki li mèm te depann de kontribisyon volontè Eta manm yo pou kesyon finansman, ekipman ak founiti pou fòs sekirite a. Toutfwa, misyon sa a pa t reyisi mobilize ase fon ak twoup pou retabli establite epi favorize devlopman an Ayiti. Pou bay yon repons a sa, an septanm 2025, Konsèy sekirite Nasyonzini an te adopte yon rezolisyon ki kreyè yon lòt operasyon ki rele Fòs represyon gang (GSF) ki vin ranplase MMAS la. Mèm jan ak misyon anvan an, GSF la pral depann

de kontribisyon volontè pou finansman twoup yo ; sepandan, kontrèman a MMAS la, nouvel operasyon sa a pral benefisye soutyen Nasyonzini pou lojistik ak sipèvizyon opsyonèl.

- Sou baz evolisyon sa yo, dokiman sa a prezante sa ke otè yo konsidè tankou opsyon reyalis pou transfòme repons aktwèl yo, ki enpwovize epi chita sou ijans, an yon estrateji koyeran pou refòm sekirite ak gouvènans. Dokiman an egzamine plizyè opsyon pou : mete an mach de refòm pou sekirite ak Leta ; fasilite dezameman, demobilizasyon ak reyentegrasyon (DDR) pou gang yo ak lòt aktè ame ki asosye ak yo ; reprann kontwòl teritwa ak enfrastrikti kle ki anba men gwoup ilegal yo ; rekonstwi kominote yo epi retabli konfyans piblik la anvè gouvèman an ak responsab sekirite yo ; epi pèmèt sistèm jidisyèl a reponn yon fason ki pi efikas e apwopriye ak aktivite chèf gang yo mèm jan an tou ak soutyen politik ak ekonomik yo genyen yo.

Prensipal rekòmandasyon ke dokiman sa a mete an priyorite yo se :

- Tout pwosesis global pou refòm sekirite ke Ayisyen yo ap dirije e ki apwopriye ak Ayiti, dwe kòmanse pa yon vizyon limite nan tan. Nan yon premye tan, yo dwe kreye yon komisyon planifikasyon teknokratik ki ap gen pou misyon pou redije yon dokiman klè e dirèk ke desidè ayisyen ak entanasyon yo, pwofesyonèl nan koze sekirite ak kominote yo konstwi ansanm prensip dirèk ke yo antann sou yo.
- Yon lòt etap preliminè ki enpòtan anpil se mennen yon analiz estriktirèl enstitisyon ki egziste deja yo nan sektè sekirite a an Ayiti: Polis Nasyonal d'Ayiti (PNH), Fòs Lamè d'Ayiti (FADH), Ajans nasyonal Entelijans (ANI) ak sèvis koreksyonèl nan peyi a. Analiz sa a dwe klarifye wòl chak enstitisyon, idantifye chevochman nan manda ak aktivite ajans yo, epi korije inefikasite enstitisyonèl nan kat (4) domèn sa yo : Lapolis, defans, ransèyman ak administrasyon penitansyèl.
- Nan absans yon palman fonksyonèl, Ayiti pa an mezi modènize kad jiridik ki ankadre sekirite prive, konfiskasyon byen, pwosedi apwovizyoman, kontwòl zam ak izaj fòs. Nan yon ti tan tou kout (0 a 12 mwa), efò yo dwe konsantre sou adopsyon règlemantasyon pwovizwa ki byen sible – dekrè, règleman entèn ak pwotokòl akò – konsènan yon kantite kesyon esansyèl ki byen defini pou sekirite peyi a. Yo dwe prezante règleman sa yo klèman kòm de dispozisyon tranzitwa.
- Retablisman lejitimite sèvis sekirite yo egzije yon apwòch global sistèm lan nan sa ki gen pou wè ak entegrite, etik ak konduit pwofesyonèl, pase pou chita ap trake kèk grenn pwofesyonèl malonèt oubyen ki nan patipri. Otorite ayisyen yo ak patnè entènasyon yo ta dwe defini de kritè komen pou elijibilite ak konduit pou pèsonèl nan lapolis la, nan defans, nan sèvis ransèyman ak nan sèvis penitansyèl yo. Yo ta dwe kòmanse akonpaye oryantasyon sa yo ak entwodiksyon de mekanis verifikasyon endepandan (vetting) pou pèsonèl ak kontraktan nan sektè sekirite a, mèm jan an tou nan de refòm konsènan jan sèvis sekirite ayisyen yo fè izaj fòs.
- KPT a (oubyen siksesè enterimè li a) mèm jan ak tout lòt gouvèman ki soti nan eleksyon ki gen pou vini yo pral gen pou ajri rapidman pou retabli kontwòl sou prensipal sant transpò yo. Nan yon ti tan tou kout, priyorite a se pral pou amelyore sekirite ak aksè nan pò yo (pa egzanp Kap Ayisyen ak Pòtoprens) ak pwèn pasaj terès yo (tankou Wananment ak Malpas). Yo ta dwe mete de pwojè

pilòt nan sit yo yon fason pou ajan ladwann yo, manm PNH yo, responsab imigrasyon yo, pèsònèl Inite lit kont koripsyon (ULCC) ak komisà gouvèman yo ka travay nan tèt kole pou sezi zam, dwòg ak lòt machandiz ilisit yo.

- Efò ki pral fèt pou demantle gang yo epi pou redui anpriz yo sou peyi a ta dwe konsantre non sèlman sou gwoup ame yo an yo mèm, men tou sou fasilite yo ak soutyen ki kontwole lojistik, finansman ak aksè a sèvis Leta yo. Operasyon nan pò yo, depo gaz ak pòs dwanye yo, mèm jan ak jesyon kontra travo piblik yo, souvan bay eleman kriminèl nan nivo entèmedyè yo nan ekonomi ayisyen an ki chita sou konfli de okasyon pou pwoteje tèt yo ak rezo yo anba tout kontwòl, pandan y ap pèmèt gang yo kontinye opere. Mete yon bout nan kilti enpinite sa a ta ka amelyore sekirite ak fyabilite nan bay sèvis de baz yo.

Konsènan otè

Roberta Maggi se yon praktisyèn nan domèn devlopman epi li se konsiltan espesyalize nan kesyon gouvènans ak nan refòm nan sèktè sekirite nan anviwòman ki touche pa konfli ak nan de kontèks sekirite ibrid. Travay li a chita sou refòm enstitisyonèl, dispozitif sekirite enterimè, sekirite kominotè epi sipèvizyon ak redevabilite atravè Mwayen Oryan ak Afrik Nò. Li konsevwa epi jèrè de pwogram gouvènans nan sèktè sekirite epi konseye de gwoup refleksyon entènasyonal ak de enstitisyon k ap fè elaborasyon politik sou kesyon sekirite ak gouvènans. Li se chèchez asosye nan Center for Applied Research in Partnership with the Orient (CARPO). Li detantè yon mastè nan relasyon entènasyonal/syans politik nan Geneva Graduate Institute ak yon lisans nan relasyon entènasyonal nan King's College London.

Doktè Christopher Sabatini se chèchè prensipal pou Amèrik latin nan Chatham House. Avans sa, li te responsab ansèyman nan School of International and Public Affairs (SIPA) nan inivèsite Columbia epi mèt konferans nan London School of Economics and Political Science. Chris se tou manm konsiltatif nan divizyon Amèrik nan Human Rights Watch epi li se fellow HFX nan Halifax International Security Forum.

Alexandra Farsari se konsiltan ak chèchez nan etid latino amèrikèn nan Chatham House. Li genyen yon diplòm premye klas nan syans politik ak nan relasyon entènasyonal nan University College London avèk yon espesyalizasyon nan syans done sosyal. Rechèch li yo gen pou wè ak investisman dirèk etranje nan sèktè resous nan Amèrik latin, pandan l ap egzamine risk politik yo, kad reglemantè yo ak enplikasyon yo pou devlopman ekonomik. Eksperyans pèsònèl li chita sou analiz kantitatif epi entelijans ekonomik, pandan l ap founi de analiz ki fonde sou done pou de rechèch pètinan pou politik piblik yo.

Remèsiman

Otè yo swete remèsye Alis Martin pou fason li fè jesyon pwojè a pandan tout dire li, mèm jan ak rezo elaji ekspè Chatham House yo sou kesyon gouvènans, sekirite ak konsolidasyon lapè an Ayiti ak lòt kote pou oryantasyon stratejik yo ak relekti ke kòlèg yo fè. Nou vle adrese yon remèsiman patikilye a depatman piblikasyon yo nan Chatham House, ki te travay san kanpe yon fason pou yo te asire yo ke dokiman sa a te pibliye avan disolisyon KPT a an Ayiti 7 fevriye 2026.



Chatham House, Institi Wayal pou Afè entènasyonal yo, se yon enstitisyon politik piblik premye ran ki baze a Lond. Misyon nou se pou n ede gouvènman yo ak sosyete yo konstwi yon mond ki pi an sekirite, dirab, pwospè e jis.

Tout dwa rèzève. Yo pa ka ni repwodui okènn pati nan piblikasyon sa a ni transmèt li, sou kèlkeswa fòm oubyen mwayen, elektwonik, mekanik, kit se fotokopi, anrejistreman oubyen tout sistèm pou estokaj oubyen pou rekipèrasyon enfòmasyon, san otorizasyon pa ekri titilè dwa dotè a. Adrese tout demand bay editè yo.

Chatham House pa eksprime opinyon pèsone l. Tout opinyon ki eksprime nan piblikasyon sa a repoze sou responsabilite otè a oubyen otè yo.

Dwa dotè © Enstiti Wayal pou Afè Entènasyonal yo, 2026

designbysoapbox.com